


Lis Verifikasyon Pwovizyon Ijans

Prepare ase pwovizyon pou ou menm ak fanmi ou panda omwens **trwa (3) jou**.



Asire ou ke kit ou a gen bagay sila yo

- Medikaman
- Manje ak dlo
- Pwovizyon pou tibebe ak timoun
- Pwovizyon pou bèt
- Telefòn selilè/chajè
- Flach ak siflèt
- Lajan kach
- Kopi dokiman enpòtan
- Kit premye-swen
- Radyo ki fonksyone ak pil/pil adisyonèl

Konstwi pwòp twous preparasyon ou:

www.ready.gov/kit

ENPÒTAN



Si ou pran medikaman


- Toujou gen medikaman pou omwens yon semèn.
- Ekri medikaman ke ou menm ak fanmi ou pran.
- Mete non medikaman an, dòz la, konbyen fwa ou pran li, epi poukisa ou pran li.



Rete Konekte Pou Rete Okouran

Resewwa alèt ijans ak tan an gratis soti nan Vil Filadèlfi. Voye **READYPHILA** nan **888-777** oswa vizite www.phila.gov/OEM pou enskri pou alèt gratis.

Rezo Patnè pou Entèvasyon Kominotè Enskri pou mizajou sou Move Tan ak lòt Ijans Sante Piblik.



<https://bit.ly/CRPNnewsletters>



Rete an Sante ak an Sekirite Pandan Move Tan



Department of
Public Health

CITY OF PHILADELPHIA

Kisa chanjman klima a pwovoke?

Plis Lapli


Tanpèt ki pi gwo e ki pwodwi pi souvan ka lakòz rivyè, lak ak lòt sous dlo debòde pi souvan.

Ond tanpèt

Tanpèt bò lanmè yo vin pi fò, pi souvan e yo ka lakòz dlo yo monte piwo nivo nòmal yo.

Ogmantasyon nivo lanmè

Kèk zòn nan Filadèlfi anba risk ogmantasyon nivo lamè ak inondasyon.



Si ou itilize jeneratis (dèlko).

- Dèlko yo pwodui pwazon gaz monoksid kabòn (CO).
- Pa janm itilize dèlko anndan kay, menm si fenèt ak pòt yo louvri. Itilize yo DEYÒ a plis pase 20 pye distans de kay ou.

Kisa Mwen Dwe Fè Aprè yon Inondasyon?

Evite dlo inondasyon

- PA kondwi oswa mache nan wout ki inonde.
- Dlo inondasyon ka gen ladan jèm danjere, pwodui chimik, ak fatra.
- Lave men ou si ou touche dlo inondasyon.

Evite piki moustik

- Debarase ou de dlo ki pa kouri.
- Asire ou ke moustikè fenèt ak pòt yo nan plas yo.
- Itilize sibstans ki konbat moustik.

Si ou pa gen kouran

- Jete manje ki te nan frijidè san kouran pandan plis pase kat (4) èdtan.
- Ranplanse medikaman ki bezwen refrijerasyon.

Inondasyon ka reprezante anpil risk pou moun nan Filadèlfi, tankou danje sante.

Kisa Mwen Dwe Fè Konsènan Mwazi?

Prevansyon

- Kontwole imidite pou evite mwazi.
- Netwaye epi seche sifas ki mouye nan 24 èdtan epi jete atik ki pa ka seche yo.
- Itilize vantilatè, è kondisyone ak dezimidikifate pou seche.

Netwayaj an Sekirite

- Itilize gan kawoutchou, pwoteksyon pou je, yon chemiz manch long, pantalon long, epi yon mask.
- Ouvri pòt ak fenèt yo.
- Ijilize savon oswa detèjan ki pa gen amonyak. PA JANM melanje klowòks ansanm ak amonyak.
- Si ou kapab, chache yon pwofesyonèl pou netwaye espas mwazi ki pi gwo ke 3 pa 3 pye.

Mwazi ka lakòz iritasyon nan je ak po epi reyaksyon alèjik.

Si ou gen opresyon, mwazi ka deklanche yon atak opresyon.



Pou plis enfòmasyon sou netwayaj mwazi visite www.epa.gov/mold